



Florida Department of Agriculture & Consumer Services
Adam H. Putnam, Commissioner

Florida Department of Health
Harry F. Farmer, Jr., M.D., Ph.D., State Surgeon General

KESYON KI POZE SOUVAN SOU FÈ FOSFAT

Kisa ki Fè fosfat lan?

Yo itilize Fè fosfat nan pèlen pou kontrole kalmason avèk vè. Pèlen Fè fosfat ka itilize nan diferan enwiwònman, tankou gazon, jaden, e kote ki pa gen rekòt. Jaden (ki inklu pwodiksyon rekòt oganik ki sètifye) itilize pwodwi sa tou. Fè fosfat se yon mineral komen ki nan tè. Li kapab fèt nan faktori tou. Tou le de, fè avèk fosfat se yon kle eleman pou santé plant kap grandi. Pafwa yo mete li nan angren.

Kijan Fè fosfat touye kalmason avèk vè?

Yo melanje Fè fosfat avèk pèlen pou kalmason avèk vè. Kan yon kalmason osinon yon vè manje nan pèlen an, Fè fosfat la deklanche yon chanjman andan ensèk lan ki fè yo sispann maje. Kalmason avèk vè ki manje yon pèlen Fè fosfat pafwa ale chache yon kote pou yo kache, yo sispann mache, e nan de twa jou apre yo kòmanse mouri.

Ki kito, ki lè, e ki vale Fè fosfat ki kapab aplike?

Pwodwi Fè fosfat lan ke yo itilize pou kontrole Gro Kalmason de tè Afrik lan se Sluggo-AG. Se yon pèlen granulaire. Yo simaye granulaire an sou tè a, alantou kote ki infekte avèk kalmason yo osinon alantou plant ke ou vle proteje yo. Pou ou kouvri gro plas, yo itilize epandeu osinon lòt zouti pou simaye pèlen an. Sluggo-AG kapab itilize pou kontrole kalmason nan gro plas ki laj. Li ka inklu gazon, pye bwa, flè, jaden, e zòn ki pa rekòt. Pousantaj nòmal pou aplike nan pèlen an se 0.5 a 1 liv de granulaire pa 1,000 kare pye. Ou kapab reaplike pèlen an pandan vèminn yo ape manje li osinon chak de semèn, e lè li bezyen.

Kiso ki pase Fè fosfat nan enwiwònman an?

Lè yo fini aplike li, Fè fosfat pa fasilman ale pandan lapli. Epi li pa antre fon nan tè a. Menm lè yo simaye li sou jaden e sou gazon, lapli pa fonn li vit. Ninpòt Fè fosfat kalmason yo pa manjet vini fè yon pati nan tè a. Apre de tan, plant avèk micròb nan tè a va itilize li kòm eleman nitritif.

Èske Fè fosfat danjere pou santé moun?

Pa genyen okenn efè negative sou santé moun ki lakoz pa Fè fosfat, Selman si li pran kontak avèk je ou, li kapab koz yon ti iritasyon. Si ou ta vinin pran kontak avèk pwodwi sa, osinon kalmason avèk vè ki te trete, asire ke ou lave men ou byen vit. Administrasyon pou manje e dwòg ozetazini clasifye Fè fosfat kòm yon pwodwi ki "jeneralman pa danje". Yo itilize li lajman nan supleman manje. Ajans pou protesyon enwiwònman ozetazini an fè konklisyon ke nivo Fè fosfat ke yo itilize pou trete manje li vrèman ba an konparezon avèk nivo ki parèt natirèlman nan manje.

Èske Fè fosfat danje pou bèt kay mwen?

Fè fosfat vrèman danjere pou animal. An jeneral, li rekonèt kòm maje ki pa danje ke yo itilize pou moun avèk animal.

Èske Fè fosfat danjere pou bèt sovaj e lòt epès ki pa sib yo?

Kalmason avèk vè pi sansib de efè Fè fosfat la ke lòt espès yo. Fè fosfat pratikman pa toksik pou mamifè yo, zwazo avèk pwason. An adisyon, li pa danjere pou vètè avèk lòt insèk tè yo si ou swiv direksyon ki sou etikè a.

Kisa pou mwen fè si mwen panse ke Fè fosfat ape fè mwen malad?

Si ou malad, ou si poze rele doctè ou. Ou kapab rele tou:

- Depatman santé nan zòn ou an,
- Depatman santé de Florida, buro enwiwònman santé medsin piblik, nimero gratis pou siveyans pestisid ki se 1-800-606-5810 osinon
- Sant control pou pwazon an Florida nan 1-800-222-1222

Kijan pou mwen jwenn plis infòmasyon sou Fè fosfat?

Ou kapab jwenn plis enfòmasyon sou jan ou itilize Fè fosfat e kontrole Gro Kalmason de tè Afrik pa Depatman Agrikilti de Florida e Sèvis Konsomatè (DACS) endistri pou plant si ou rele 1-888-397-1517. E ou kapab jwenn plis infòmasyon teknik sou Fè fosfat si ou rele biro pou pestisid an Florida DACS nan 1-850-617-7917 osinon visite sou sit wèb -<http://www.flaes.org/pesticide> pou plis kontak.